

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia bangsa nu beunghar ku sélér bangsa. Tina sakitu ratus sélér bangsa salasahijina aya sélér Sunda. Minangka salasahiji étnis, masarakat Sunda tangtu miboga ciri has nu ngabédakeuna jeung masarakat nu lianna. Ieu ciri has bisa katingali tina kabudayaanana. Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 165) sacara universal kabudayaan téh miboga tujuh unsur. Masing-masing unsur ieu silih lengkepan jeung silih deudeulan antara hiji jeung nu lianna. Salasahiji tina tujuh unsur kabudayan éta aya unsur kasenian.

Nurutkeun Sucipto (2015, kc. 94) kasenian mangrupa salasahiji unsur kabudayaan pikeun ngaékspréskeun rasa kaéndahan nu aya dina jiwa manusa. Ku kituna, sacara umum seni bisa dihartikeun minangka ungkapan éstétis tina kabudayaan nu mangrupa maniféstasi kréatifitas kahirupan manusa nu raket patalina jeung kaéndahan lahir batin. Lian ti éta, Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 298), kasenian dibagi jadi ambahan husus. Ditilik tina kasenian minangka ékspréssi hasrat manusa, kasenian ieu dibagi jadi dua ambahan nyaéta seni rupa jeung seni sora. Anapon seni tari jeung drama mangrupa gabungan tina seni rupa jeung seni sora. Di tatar Sunda, kasenian sora nu ngawengku instrumén jeung vokal réa pisan, salasahijina nyaéta kasenian Gembyung.

Tina sababaraha keterangan, kecap gembyung mangrupa gabungan tina dua kecap nyaéta *gem* jeung *byung*. Nurutkeun Haditresna & Sigit (2017, kc. 23) kecap *gem* asalna tina kecap agem nu hartina ajaran, pedoman, atawa kayakinan nu diagem ku manusa. Di sagigireun éta kecap *byung* miboga harti kabiruyungan atawa kapastian supaya dilaksanakeun. Kasenian gembyung mangrupa seni pagelaran gabungan, antara seni vokal, instrumén jeung tari.

Seni vokal ieu kasenian gembyung nyaéta tina nayagana nu ngawih sacara rampak sekar. Ngawih di dieu nyaéta pagawéan ngahaleangkeun kawih. Nurutkeun Yudibrata spk (dina Sopandi, Umsari, Atik, & Sofyan, 1985, kc. 15) kawih mangrupa lagu-lagu nu kaasup kana sekar tandak nyaéta lagu-lagu nu

kaiket ku wiletan atawa ketukan. Dina ieu kasenian gembyung aya sababaraha kawih nu sok dihaleungkeun dina unggal pagelarana. Ieu rumpaka kawih ogé jadi cari yén kasenian gembyung mangrupa adu manis antara ébréhan kaéndahan jeung kaagamaan. Ieu hal téh bisa katitén tina eusi rumpaka-rumpakana nu kebek ku kaislamah. Salasahiji contona nyaéta dina rumpaka “Ula Ilah”, eusina minangka ésensi kalimah sahadat. Ieu

Kesenian gembyung mangrupa kamekaran tina kasenian terebangan nu medal ti daerah Cirebon, sarta jadi salasahiji alat pikeun nyebankeun agama Islam (Supriatna, 2010, kc. 395). Kesenian gembyung sumebar ka sababaraha daerah saperti Kuningan, Majalengka, Subang, Sumedang, Ciamis, jeung Garut (Setiawan, 2018). Lamun ditilik tina unsur religi antara seni terebangan jeung seni gembyung nu hirup di masarakat Sumedang jeung Subang, seni terebangan lewih dominan unsur religina, ari seni gembyung leuwih kana hiburanana tapi tetep teu ninggalkeun sisi tradisionalna (Supriatna, 2010, kc. 395).

Sakumaha nu ditétélakeun di luhur, ieu kasenian gembyung sumebar ka sababaraha daerah, salasahijina nyaéta ka daerah Subang. Aya kurang lewih 18 grup gembyung nu kacatet di Kabupaten Subang (Yono, 2013). Salasahijina nyaéta grup kasenian gembyung Galur Sawargi ti Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupaten Subang. Ieu grup kasenian dipingpin ku Pa Lili minangka grup generasi kaopat. Ti generasi kahiji nepi kaopat geus aya dua parobahan ngaran, nyaéta ti ngaran terebang robah jadi gembyung nepi ka terahir diaranan bangpret. Sanajan geus ngalaman parobahan ngaran, tapi tetep kasenian nu sok dipaké pikeun salametan atawa ruatan lembur mah gembyung buhunna. Ari kasenian bangprét nu mangrupa kreasi tina gembyung buhun mah sok dipaké keur hiburan.

Ku lantaran gembyung buhun téh sok dipaké dina upacara salametan jeung ruatan, tangtu baé ieu kasenian téh nyumiratkeun aura sakral. Salian pikeun sarana hiburan jeung ritual, ieu kasenian Gembyung miboga ajén-ajén luhung nu kiwari teu dipikawanoh ku masarakat, ieu ajén-ajén aya patalina jeung spiritual ngadeukeutkeun diri ka pangéran. Ieu hal bisa katingali tina rumpaka-rumpakana. Sarta carita ngeunan kumaha sumebarna agama Islam di tatar Sunda ngaliwatan seni. Ari masarakat ngan suukur mikaresep senina wungkul tapi teu apal rupa-rupa ajén, eusi jeung udagan sabernera tina ieu kasenian. Ku kituna, ieu

panalungtikan baris ngulik rumpaka kawih kasenian gembyung kalayan maké pamarekan struktural jeung sémiotik pikeun maluruh jeung ngainterpretasi eusina.

Dina ulikan struktural, rumpaka kawih dina kasenian gembyung miboga unsur nu silih pangaruhan atawa patula patali antara unsur nu hiji jeung nu lianna. Dina kawih aya istilah rumpaka. Anu dimaksud rumpaka nyaéta teks lagu sarua jeung lirik. nurutkeun Iskandarwassid (1996, kc.131) lirik mangrupa puisi pondok henteu ngawujud carita, anu dihariringkeun. Ku sabab kawih asup kana wangu puisi. Ku kituna, ieu rumpaka kawih baris diulik ku struktur lahir jeung batin puisi. Nurutkeun Waluyo (1987, kc. 71 jeung 106) unsur lahir atawa sok disebut metode puisi ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, basa figuratif, versifikasi jeung tata rupa (tipografi). Ari unsur batin atawa nu sok disebut hakékat puisi ngawengku téma, rasa, nada, jeung amanat.

Salian tina strukturna, sangkan lewih teleb dina nganalisis eusina, ieu kasenian ogé diulik tina jihad sémiotikna. Sémiotik mangrupa hiji paélmuan atawa metode analisis pikeun ngulik tanda. Nurutkeun Barthes (dina Sobur, 2009, kc.15) sémiotik atawa semiologi téh maluruh ngeunaan *kemanusiaan (humanity)* sarta ngama'naan hiji hal (*things*). Sémiotik nu diguar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan tanda jeung acuanna nu ngawengku ikon, indéks jeung simbol nurutkeun Peirce (dina Ratna, 2013, kc. 101).

Kesenian gembyung mangrupa kasenian Sunda nu kudu dimumulé. Sakumaha nu dijéntrékeun dina Perda Provinsi No. 15 taun 2014 ngeunaan *pemeliharaan kesenian* (“Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 15 Tahun2014,” 2014) kasenian mangrupa éksprési budaya nu ngandung ajén-ajén luhung jeung spiritual nu ngabebener akal budi manusa pikeun jadi arif jeung bijaksana, sarta minangka unsur kabudayaan asli daerah nu mangrupa pangaweruh tradisional jeung miboga ajén luhung. Ku kituna, perlu diraksa jeung diriksa.

Kiwarí ogé teu bisa disingkahan yén masarakat hususna barudak ngora geus kapangaruhan ku budaya atawa kasenian deungeun. Ku sabab kurangna minat jeung karep dina diajar kasenian gembyung, ngabalukarkeun ieu kasenian hésé diturunkeunana. Salaku urang Sunda sakuduna aya karep pikeun ngariksa jeung ngaraksa budayaan sorangan. Ku kituna, dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa jadi pangaweruh sarta ngirut masarakat hususna nu maca ieu panalungtikan

sangkan wanoh kana eusi jeung udagan tina prosesi jeung rumpaka kawih gembyung, bisa leuwih mikaresep jeung reueus kana ieu kasenian, sarta bisa numuwuhkeun minat jeung karep masarakat dina diajar ieu kasenian gembyung sangkan bisa terus hirup. Dina kurikulum Pangajaran basa Sunda ogé aya KI KD kelas X nu medar materi ajar ngeunaan babandingan kawih klasik jeung kawih pop. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan bisa jadi alternatif bahan pangajaran.

Ieu panalungtikan gembyung téh lain nu munggaran, sabab saméméhna geus aya sababaraha nu ngulik ieu kasenian gembyung. Di antarana nyaéta *Ajén Éstética Kasenian Gembyung di Kabupaten Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII* (Ropiah, 2013) anu medar ngeunaan ajén éstetika dina kasenian gembyung. Lian ti éta aya deui panalungtikan *Kesenian Gembyung di Padepokan Dangiang Dongdo Kabupaten Subang* (Wahyudi, Budiawati, & Sutanto, 2013) anu medar ngeunaan fungsi jeung komposisi musik tina kasenian gembyung. Sarta panalungtikan *Fungsi Seni Gembyung dalam kehidupan Masyarakat Panjalu Kabupaten Ciamis* (Supriatna, 2010) anu medar ngeunaan kasenian gembyung nu aya di Panjalu Kabupaten Ciamis.

Bédana dua panalungtikan di luhur jeung ieu panalungtikan nyaéta objek nu ditalungtikna. Tilu panalungtikan di luhur nalungtik grup kasenian gembyung Dangiang Dongdo ti Kabupaten Subang sarta gembyung di Kabupaten Ciamis. Tapi dina ieu panalungtikan objék nu ditalungtik nyaéta grup kasenian Gembyung Galur Sawargi ti Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupaten Subang. Lian ti éta ulikan nu dipaké dina ieu panalungtikan mah museur kana struktur jeung sémiotik tina rumpaka kawihna, sarta dijadikeun alternatif bahan pangajaran kawih kelas X.

Luyu jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan nu dijudulan *Rumpaka Kawih diina Kasenian Gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupaten Subang pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Stuktural jeung Sémiotik)* perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, bisa dipaluruh jadi sababaraha kalimah patalékan nu baris dipedar dina ieu panalungtikan, nyaéta.

- a. Kumaha struktur rumpaka kawih dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang?
- b. Kumaha semiotik rumpaka kawih dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang?
- c. Kumaha larapna rumpaka kawih dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar struktur jeung sémiotik tina rumpaka kawih kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga maksud jeung tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta.

- a. Struktur rumpaka kawih dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang.
- b. Sémiotik dina rumpaka kawih kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang.
- c. Larapna rumpaka kawih dina kasenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang pikeun bahan pangajaran kawih di SMA kelas X.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh dina widang sastra jeung kasenian. Hususna pangaweruh ngeunaan eusi rumpaka kawih gembyung.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta.

a. Pikeun nu Nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa nambahana pangaweruh ngeunan kesenian gembyung di Désa Cibeusi Kecamatan Ciater Kabupatén Subang nu mangrupa salahiji kasenian Sunda. Lian ti éta, pikeun numuwuhkeun karep neleuman eusi tina kasenian gembyung, picontoeun jeung pieunteungeun, ogé numuwuhkeun karesep kana kawih jeung kasenian gembyung.

b. Pikeun Masarakat

Pikeun invéntarisir seni jeung budaya. Ogé pikeun nambahana pangaweruh ngeunaan eusi rumpaka kawih kasenian gembyung.

c. Pikeun Lembaga

Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa nambahana karya tulis ngeunaaan sastra lagu, sastra lisan, jeung kasenian.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan bisa ngirut masarakat sangkan leuwih reueus kana kasenian daerah hususna kasenian gembyung. Sarta nambahana pangaweruh masarakat ngeunaan ajén-ajén nu aya dina ieu kasenian nu bisa dijadikeun picontoeun atawa pieunteungen dina kahirupan sapopoé, sarta jadi salahiji tarékah sangkan seni jeung budaya daerah teu tumpur ku jaman.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil panalungtikan bisa jadi rujukan pikeun pamaréntah, hususna Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Kabupatén Subang pikeun nyieun kawijakan-kawijakan ngeunaan kabudayaan daerah, hususna ngeunaan kasenian gembyung sangkan leuwih dipikawanoh sarta teu leungit kaélékheun ku kasenian deungeun.

1.5 Raraga Nulis

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumasan masalah, tujuan, mangpaat, jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan wangenan kawih, kasenian

gembung, Puisi, sémiotik, bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Metode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan metode nu dipaké dina panalungtikan. Ieu bab ngajéntrékeun desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, teknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngeunanan déskripsi kasenian gembung, analisis struktural, analisis sémiotik, jeung larapna hasil panalungtikan rumpaka jadi bahan pangajaran kawih di SMA kelas X. Dina ieu bab dipedar sagamblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh pedaran skripsi, sarta saran pikeun nu maca sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.